# КОГНИТИВ ТИЛИ БИЛИМИ

**Искендерова Елизавета Камалатдиновна**
*Қарақалпақ тили кафедрасы аға оқытыўшысы*

Ҳәр бир халық дүньяны, қоршаған орталықты өзинше танып оның тиллик картинасын жасайды. Бүгинги күнде XXI әсир тил илиминде тилди тек қарым-қатнас қуралы ҳәм ой-сананың нәтийжеси сыпатында емес, ал миллетттиң мәдений гилти сыпатында үйренетуғын тараўлары жүзеге келмекте.

Текстти изертлеўде антропоцентристлик қатнас, когнитив тил билими, прагмалингвистика, психолингвистика, социолингвистика, этнолингвистика, нейролингвистика, концептология, лингвоүлкетаныў тараўларына тийисли мәселелриди анализ етиў бағдарындағы изертлеў жумыслары менен тығыз байланыслы.

Соның ишинде, бүгинги күнде тил билиминде «Когнитив лингвистика» термини кирип келди. Бул заманагөй тил билиминде тил билиминиң ең иактуаль бағдарлардан бир болып есапланады.

Когнитив сөзи инглис тилинде «cognize»- аңлаў, билиў, түсиниў сөзлеринен алынған болып, бул тараў тек ғана философиядағы билиў теориясы менен шекленбейди. Когнитив тил билими психолоингвистика, антрополингвистика, этнолингвистика, социолингистика сыяқлы түрли тараўлар менен байланыслы үйрениледи. Ш. Сафаровтың пикиринше, когнитив тил билиминиң ўазыйпасы тил жәрдеминде билим алыў ҳәм сақлаў, тилди әмелде қолланыў ҳәм узатыў, улыўма тил системасы ҳәм қурамын инсан мийиндеги көриўи сыпатында ой менен байланыстырып, терең илимий анализ етиў болып табылады[1].

Инсанның күнделик ўақыя, ҳәдийселерге мүнәсибети тилдиң когнитив теориясының әмелде қоллынылыўы менен тығыз байлансլы. Ҳәзирдиң өзинде, биз жыллар даўамында пайда болған турмыч тәжирийбемиз, билим ҳәм көнликпелеримиз тийкарында ҳақыйқый, бар болған нәрсе, предметлер, ўақыялар, ҳәдийселер ҳаққында пикирлей аламыз ҳәм усы билимлерге сүйенип өзара сөйлесиў процесинде сөйлеў мәдениятының, сөйлеў этикасының дурыслығына ерисемиз.

Мәлим болғанындай инсан материаллық әлемде жасаў менен өз әтирапындағы болмысқа, барлыққа (нәрсе, ҳәдийселерге, өсимлик ҳәм ҳайўанларға) өз мүнәсибетин билдиреди. Мысалы, ҳайўанлар ҳәм кусларға тән болған жақсы,

жаман салыстырыўлар инсанға, оның турмысы, минез-қулқы, әдеби ҳ.т.б тил жәрдеминде теңлестириледи, көшириледи яки метофоризацияланады. Бул жағдайлар, ҳәрекетлер образлы болғанлығы ушын инсан сезим туйғысына күшли тәсир етеди ҳәм оның санасында, ойында сақланып қалады.

Бугинги күнде когнитив тил билиминиң мақсет ҳәм ўазыйпалары өз шешимин күтип турған актуаль мәселелеридиң бири болып табылады. Ҳәзирги дәўирде тил билимине кирип келген когнитив тил билиминиң когнитив фонология, когнитив грамматика, когнитив лексикология, когнитив семантика сыяқлы жаңа бағдарлары пайда болғанлығы белгили. Когнитив тил билиминиң тийкарғы түсиниклери системасынан фрейм, сценарий, скрипт, категорияластырыў, концепт, концептуализация, когнитив структура, когнитив метафора сыяқлылар орын алады.

Соның менен бир қатарда бүгинги тил билиминде фрейм, скрипт, сценарий, гештальт сыяқлы аралық тил бирликлерин уйрениўге қызығыўшылық артып баратыр. Буның тийкарғы себеби когнитив тил билиминиң мәселелерин изертлеў жумысларымыз қатарынан орын алғанлығы болып табылады.

Когнитив тил билиминиң таяныш түсиниклериниң бири – бул концепт болып есапланады. Бул атама XX әсирдиң 90-жылларына келип кең қолланыла баслады. Концепт сөзи латын тилиндеги conceptus болып «түсиник» мәнисин билдиреди. Ҳәзирги ўақытта көпшилик тилши илимпазлар «концепт» термининен «түсиник» сөзиниң синоними сыпатында пайдаланып атыр[2].

Е.С.Кубрякова айтып өткениндей «концепт» термини ойлаў, аңлаў, мағлыўматларды сақлаў ҳәм қайта ислеў сыяқлы мәселелр менен шуғылланыўшы когнитив психология, когнитив тил билими ҳәм лингвокультурология пәнлери менен тығыз байланыслы.[3] Концептлер инсан санасында, ойында сөздиң сөзлик мәнилери тийкарында, пүткил бир халықтың мәдений, тарийхый тәжирийбесинен келип шығып пайда болады. Себеби, концепт дүньяны билиў ҳәм ол ҳаққында өз көзқарасына, дүньятанымына ийе болыў дегенди билдиреди.

**Пайдаланылған әдебиятлар:**

1. Ш.Сафаров . Когнитив тилшунослик. Жиззак, 2006.
2. Балқия Қасым. Когнитивті семантика. Алматы, 2021.
3. Е.С.Кубрякова. О когнитивной лингвистике и семантике термина «когнитивный». Вестник вгу, серия лингвистика и межкультурная коммуникация, 2001, в. 1